



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 12/12/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE LANSMAN NOUVO PLAN POU ORYANTE
PREZÈVASYON RESOUS NATIRÈL ATRAVÈ ETA NEW YORK**

***Nouvo [Plan](#) Pwoteksyon Espas Ouvè Pou Oryante Finansman 140 Pwojè Priyoritè
ke Nèf Konsèy Konsiltatif Rejyonal te Idantifye***

***Sipòte Objektif Anviwònmanal Gouvènè Cuomo pou Asire Dlo Pwòp, Lè ak Tè,
Rann Ekonomi New York Ekolojik, Pwoteje Resous Natirèl yo epi Fè Pwomosyon
Espas Rekreyasyon Anplennè***

***Bay Rekòmandasyon pou Itilizasyon Plan Pwoteksyon Espas Ouvè pou Amelyore
Preparasyon ak Rezistans Eta a Kont Chanjman Klimatik***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse Plan Pwoteksyon Espas Ouvè (Open Space Conservation Plan) final 2016 la, ki bay yon pwogram sou fason plan konsèvasyon ak pwoteksyon espas ouvè a ka ede reyalize objektif anviwònmanal eta a. Plan an, ke Ministè Pwoteksyon Anviwònman (Department of Environmental Conservation, DEC) ak Biwo Pak, Rekreyasyon ak Konsèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation, OPRHP) Eta New York la ap oryante finansman atravè Fon Pwoteksyon Anviwònman (Environmental Protection Fund, EPF) an pou pwoteje abita ak resous natirèl enpòtan yo nan tout New York. W ap jwenn Plan Pwoteksyon Espas Ouvè 2016 la ki disponib [isit la](#).

Gouvènè Cuomo te di: “Efò pwoteksyon espas ouvè New York yo enpòtan anpil pou amelyore anviwònman ak ekonomi eta a, e nouvo plan sa ap oryante efò kontini pou pwoteje resous natirèl presye eta a. Soti nan Adirondacks yo rive nan Catskills pou Long Island, New York genyen yon abondans resous natirèl ak espas ouvè ki sipèb ke nou dwe pwoteje pou jenerasyon fiti yo apresye.”

Plan [Pwoteksyon Espas Ouvè \(Open Space Conservation Plan\)](#) a bay yon pwogram sou fason prezèvasyon espas ouvè yo ka ede reyalize objektif anviwònmanal Gouvènè Cuomo yo, ki se:

- Asire gen dlo pwòp, lè ak tè pou yon piblik an sante ak yon ekonomi dinamik;
- Rann ekonomi New York la ekolojik;
- Pwoteje resous natirèl yo epi fè pwomosyon rekreyasyon anplennè;
- Ogmante, apwofondi epi amelyore eksperyans vizitè yo nan pak ak teren yo;
- Kreye yon sistèm pak 21^{yèm} syèk ki konvenkan sou plan estetik, efikasite enèjetik ak operasyonèl, epi ki konstwi pou dire.

Plan an enkli rekòmandasyon sou fason pwogram konsèvasyon espas ouvè yo ka prepare eta a pi byen pou chanjman klimatik tou lè l amelyore rezistans apre gwo tanpèt ak move tan yo. Gen plis enfòmasyon sou espas ouvè ki disponib [isit la](#).

Pwojè priyorite yo varye soti nan Rezèv Estwè Riv Sid (South Shore Estuary Reserve) la nan Long Island; pou desèvi Pak Kominote yo nan Vil New York; ale nan Eskapman Niagara a (Niagara Escarpment); rive nan Finger Lakes; nan Lak Ontario ak Lak Erie Shorelines, Zile ak Rivyè Niagara; anplis Pak Eta yo, Forè Eta yo ak Zòn Jesyon Fòn yo; pou rive nan Zòn Tanpon nan Baz Militè Fort Drum (Fort Drum Army Compatible Use Buffer); rive nan Koridò Rivyè Hudson, Estyè, Greenway ak Pis Lekòl Lar Hudson River.

Delege Ministè Pwoteksyon Anviwònman (Department of Environmental Conservation, DEC), Basil Seggos te deklare: “Lè l ogmante finansman pou Fon Pwoteksyon Anviwònman (Environmental Protection Fund) an nan fason konsiderab, Gouvènè Cuomo demontre angajman l pou pwoteje espas ouvè New York yo. Nouyokè ak vizite yo renmen espas ouvè yo e plan an ap asire resous natirèl New York yo pwoteje epi prezève pou jenerasyon fiti yo. Plan an fè rekòmandasyon bon sans k ap pwoteje kalite dlo, agrikilti, forè ak abita bèt sovaj yo, bay opòtinite pou rekreyasyon piblik, epi ranfòse rezistans pou pwoteje pwopriyete yo kont efè ond tanpèt ak inondasyon yo. Mwen remèsye chak moun ki te ede pwojè pwogram konsèvasyon final sa.”

Delege Biwo Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation Commissioner) Rose Harvey, te di: “Pak ak teren piblik Eta New York yo se eleman ki enpòtan anpil pou kalite lavi nan kominote nou yo. Teren sa yo ofri vizite yo pasrèl ki an pè e ki plen ak amizman, fè pwomosyon stil de vi ki pi sen, epi sèvi kòm motè ekonomik pou kominote lokal yo. Abondans pak ak espas ouvè Eta a se yon bon rezon pou fanmi ak biznis yo reloje nan New York.”

Senatè Tom O'Mara, ki se Prezidan Konsèy Pwoteksyon Anviwònman Sena a (Senate Environmental Conservation Committee), te deklare: “Li enpòtan anpil pou inisyativ kontini pou mete anplas estrateji ki ekilibre, ki gen sans e ki efikas pou ranfòse konsèvasyon ak rekreyasyon anplennè, prezève espas ouvè enpòtan yo epi amelyore kalite anviwònmantal ak kwasans ekonomik pou reponn ak pwoblèm ak defi lokal yo. Plan Prezèvasyon Espas Ouvè a pwodwi ide akoutèm ak ide alontèm ki enpòtan pou reyalize objektif komen atravè rejyon Southern Tier ak Finger Lakes e nan tout eta a.”

Prezidan Konsèy Anviwònman Asanble a, Steve Englebright, te di: “Espas ouvè New York yo pwoje kalite lavi ak eritaj istorik natirèl nou. Mwen kontan ke Plan pou Pwoteksyon Espas Ouvè 2016 la prè pou kontinye. Se yon investisman k ap benefisye jenerasyon prezan ak jenerasyon fiti yo pou toujou.”

Plan an te devlope ak èd nèf Konsèy Konsiltatif Rejyonal (Regional Advisory

Committee) ki konpoze ak reprezantan gouvènman ak reprezantan konte yo ke Ministè Pwoteksyon Anviwònman ak Pak Eta yo te seleksyone, e tout gen konesans sou prezèvasyon espas ouvè.

Delege yo te egzije chak Konsèy Rejyonal pou revize plan 2009 Eta a, ki genyen ladan l pwojè prezèvasyon espas ouvè priyorite yo, ansanm ak rekòmandasyon politik pou rann pwogram pwoteksyon espas ouvè konplè New York la pi solid alavni.

140 pwojè espas ouvè priyorite Konsèy Konsiltatif Rejyonal yo te idantifye, ki elijib pou jwenn finansman ki soti nan Fon Pwoteksyon Anviwònman an ap ranfòse tradisyon fyè, pwoteksyon espas ouvè New York la. Pwojè konsèvasyon priyorite nan Plan an debouche nan analiz ki devlope sou bezwen pwoteksyon espas ouvè yo pa Konsèy yo nan konsiltasyon ak Ministè Pwoteksyon Anviwònman ak Biwo Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik, ak kòmantè piblik yo pandan rankont Konsèy yo ak pwosesis revizyon Plan an.

Depi 1992, Plan Pwoteksyon Espas Ouvè a te sèvi kòm ajannda pou Pwogram Espas Ouvè Eta a, ki oryante investisman fon pwoteksyon tèritwa a nan Fon Pwoteksyon Anviwònman an. Jan lalwa egzije l la, yo mete plan an ajou tanzantan, ki repoze sou kòmantè nèf Konsèy Konsiltatif Rejyonal yo.

Stuart F. Gruskin, Direktè Jeneral Prezèvasyon ak Afè Ekstèn pou Pwoteksyon Lanati (Conservation and External Affairs for The Nature Conservancy) nan New York, te deklare: “Nature Conservancy felisite Gouvènè Cuomo, Ministè Pwoteksyon Anviwònman Eta New York, ak Biwo Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik Eta New York paske yo livre Plan Pwoteksyon Espas Ouvè New York la, yon kad konplè pou pwoteje resous natirèl yo epi ogmante rezistans nan kominote atravè eta nou an. Atravè Fon Pwoteksyon Anviwònman (Environmental Protection Fund, EPF), yo ka egzekite objektif enpòtan yo mete aksan sou yo nan Plan sa, k ap pwoteje agrikilti, forè, dlo pwòp ak lòt tèritwa enpòtan New York pou yo ka kontinye bay anpil benefis pou Nouyokè yo ak silo yo ki vizite nou. Plan Pwoteksyon Espas Ouvè a rekonèt enpak chanjman klimatik la sou peyizaj New York yo ak wòl lanati pou diminye efè chanjman klimatik la epi ogmante rezistans nan kominote nou yo. Nature Conservancy enpasyan pou travay ak Eta New York pou mete anplas pwogram pwoteksyon an pou resous natirèl New York yo konsève pou jenerasyon alavni yo.”

Ethan Winter, Chèf Pwojè Pwogram New York pou Land Trust Alliance, te deklare: “Nou dwe fè sa n kapab pou ede kominote yo konsève epi pwoteje resous natirèl ki pi vilnerab New York yo, ki enkli dlo pwòp, abita bèt sovaj, forè eksplwate ak tè agrikòl yo. Pwogram nan kenbe direksyon gad nasyonal New York la ak investisman entelijan ki fè pwomosyon ekonomi rejyonal yo ak kominote yo an sante. Kominote pwoteksyon New York la aplodi Gouvènè Andrew Cuomo, Delege eta a, Basil Seggos ak Rose Harvey, ansanm ak konsèy konsiltatif rejyonal yo pou efò yo pou modènize epi ranfòse plan pwoteksyon espas ouvè eta a. Nou apresye espesyalman ke nouvo plan an rekonèt yon wòl santral pou Land Trust antanke patnè, alye ak defansè pou pwoteksyon kolaboratif kominotè atravè eta a.”

Kim Elliman, Prezidan ak PDG Open Space Institute, te deklare: “Open Space Institute felisite Gouvènè Cuomo paske li fini mizajou enpòtan Plan Espas Ouvè Eta New York sa. Plan Espas Ouvè a souliyen wòl enpòtan prezèvasyon tè nan pwoteksyon resous natirèl yo, lè l fè pwomosyon rekreyasyon anplennè epi sipòte fèm eksplwatab, pwoteksyon abita ak kominote solid yo. Plan final la mete aksan sou prezèvasyon antanke yon repons esansyèl a chanjman klimatik ki se yon bagay ki enpòtan anpil. Kritè syantifik ki rezistan sou plan klimatik sa, ki devlope pa Nature Conservancy, Open Space Institute ak patnè nou yo, ap ede fasilite adaptasyon lavi sovaj epi pwoteje kominote nou yo kont inondasyon, sechrès ak lòt enpak deranjan epi ki koute chè ki debouche nan chanjman klimatik.”

Ned Sullivan, Prezidan Scenic Hudson, te deklare: “Prezèvasyon forè, marekaj, espas vè devan lanmè, ak tè agrikòl yo ap jwe yon wòl enpòtan sou plan mondyal ak rejyonal lè yo diminye epi adapte a chanjman klimatik la. Gouvènè Cuomo kontinye lidèchip vizyonè li a pou atake defi sa atravè devwalman yon Plan Espas Ouvè ki detaye wòl Eta New York ak patnè prezèvasyon li yo ka jwe nan pwoteje abita ak kominote yo kont ogmantasyon nivo lanmè ak lòt enpak yon chanjman klimatik. Nou akeyi opòtinite pou kontinye kolabore ak Gouvènè a ak Delege DEC, OPRHP yo ak Sektè Agrikilti ak Mache yo nan mizanplas plan ki enpòtan sou plan nasyonal sa.”

Jason Kemper, Prezidan Conservation Fund Advisory Board, te di: “Amatè ak Amatis espò yo aplodi Gouvènè Cuomo ak DEC Delege Seggos paske yo devwale Plan Pwoteksyon Espas Ouvè Eta a, ki pèmèt acha espas ouvè yo pwoteje abita bèt sovaj yo epi amelyore aksè nan tè pou lachas, pèch ak pyèj Eta a.”

Direktè Egzekitif Audubon New York Erin Crotty te di: “Plan Espas Ouvè Eta New York la bay yon pwogram solid pou efò pwoteksyon espas ouvè Eta a. Nou rekonesan a Gouvènè Andrew Cuomo ak Administrasyon li an pou lidèchip ak vizyon yo lè yo devlope plan aksyon 5 an sa pou oryante pwoteksyon ak prezèvasyon resous natirèl iranplasab nou yo. Audubon apresye aksan sou wòl pwoteksyon espas ouvè Plan an jwe nan ede diminye enpak chajman klimatik paske syans Audubon endike ke mwatye zwazo Amerik Dinò yo a risk pou rechofman klimatik la si nou pa aji kounye a pou diminye emisyon yo epi pwoteje lokalite zwazo yo nan yon avni ki pi cho.”

Andrew Zepp, Direktè Egzekitif Finger Lakes Land Trust, te deklare: “Plan Espas Ouvè a fikse yon vizyon klè pou prezève tè sa yo ki vital pou avni eta nou an. Nan Rejyon Finger Lakes la, pwojè priyorite yo idantifye nan plan an ap asire aksè pou piblik la nan lak nou yo epi ede asire kalite dlo a tou. Nou aplodi Gouvènè Cuomo ak ekip li a pou angajman solid yo pou anviwònman New York.”

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418